ISSN: 3060-4737 Volume 3, Issue 5 IF(Impact Factor) 10.98 / 2025

# TASTÍYÍQLAW HÁM BIYKARLAW TÚSINIKLERINIŃ SÓZ-GÁPLERDE BILDIRILIWI

**D.Seytkasımov**- QMU, p.i.d., Professor

**Abatova Gawhar-** QMU, 2-kurs magistrant

**Annotaciya.** Bul maqalada tastıyıqlaw hám biykarlaw túsinikleriniń sóz-gáplerde bildiriliwi haqqında sóz etiledi. Sóz-gápler struktura-semantikalıq hám kommunikativlik funkciyası boyınsha birneshe mánilik túrlerge bólinedi. Bul jumısımızda maqullawshı hám biykarlawshı sóz-gáplerdiń tilde ańlatılıw formaları ilimiy tiykarda analiz etilgen. Keltirilgen teoriyalıq maǵlıwmatlar kórkem shıǵarmalardan alıngan mısalllar menen dálillengen.

**Tayanısh sózler:** sóz-gápler, maqullawshı sóz-gápler, biykarlawshı sóz-gápler, sintaksislik birlikler, modal sóz, tańlaq.

Til grammatikalıq sistemanıń gorizontal úyreniliwi hám ańlatılıwı pán rawajlanıwınıń hámme basqıshlarında da aktual hám báseki talap másele bolǵan. Bul baǵdardaǵı máseleler hám oǵan baylanıslı sheshimlerdi izlew lingvistika tarawınıń búgingi dáwirde de óziniń áhmiyetli tárepleri menen izertlewshilerdiń dıqqat orayında bolıp turǵanı sır emes. Bunı sintaksistiń úyreniw obyekti bolǵan ápiwayı sintaksislik qurılmalarda da, quramalı sintaksislik qurılmalarda da kóriw múmkin. Mine, usınday máseleler sheńberinde ápiwayı gáptiń óz aldına bir kórinisi sıpatında qaralǵan birliklerdiń biri sóz-gápler esaplanadı.

Házirgi sintaksislik úyreniwlerde jay gápler dúzilisi jaǵınan gáp aǵzalarına bóliniw, bólinbew imkaniyatına qaray, aǵzalarǵa bólinetuǵın (eki bas aǵzalı hám bir bas aǵzalı) hám bólinbeytuǵın (sóz gápler) gápler bolıp ekige bólinedi. Bólinbeytuǵın gáplerdiń strukturasın sintaksislik gáp aǵzası xızmetinde emes, xabarlaw intonaciyası arqalı kommunikativlik funkciya atqaratuǵın sózler dúzedi.

Sóz-gápler morfologiyalıq bildiriliwi jaǵınan, tiykarınan, leksikalıq mánisi tolıq bolmaǵan sóz shaqapları arqalı (modal sóz, tańlaq, modallıq mánige ótken basqa da sózler) bildiriledi.

Sóz-gáplerdiń mánisi, kóbinese kontekstke qatnaslı boladı. Sóz-gápler menen qatar kelgen tiykarǵı gápler onıń mánisin anıqlaydı yamasa onıń túsindiriwshisi sıpatında keledi. Mısalı: -Mına Sharlawıqtaǵı Qudaybergen be? -Awa. ("Bozataw", 77-

ISSN: 3060-4737 Volume 3, Issue 5 IF(Impact Factor) 10.98 / 2025

bet). Xiywanıń xanı bizge jaqsılıq etti me? Joq. ("Bozataw", 8-bet). -Astawpralla! -Lepes tańlanıp Xojalepeske qaradı. -Ne boldı ózi?! ("Terbenbes", 102-bet). -Ya toba! -Qudaybergenniń eti túrshigip ketti ("Bozataw", 47-bet). -Wa-xa-xa! - Lepes birden shadıqorram kúldi, Kamal ele ańırayıp otır. ("Terbenbes", 114-bet).

Bul mısallarda dıqqat etilgen awa, joq sózleri sóz-gáp funkciyasında kelgen. Olardıń mánisi kontekst penen baylanıslı bolıp, soraw gáplerge maqullaw hám biykarlaw mánidegi juwaptı bildiredi. Sońǵı gáplerdegi ya toba, wa-xa-xa tańlaq sózleri tiykarǵı gápke qatnaslı sóylewshiniń tańlanıw hám quwanıw mánidegi hár túrli sezimlerin bildiretuǵın sóz-gáp funkciyasın atqaradı.

Demek, bir sóz yaki bólinbeytuǵın sózlerdiń dizbegi arqalı bildirilip, sóylewshiniń hár túrli modallıq, emocional-ekspressivlik qatnasların bildiretuǵın sózlerge sóz-gáp dep ataladı.

Sóz-gápler struktura-semantikalıq hám kommunikativlik funkciyası boyınsha birneshe mánilik túrlerge bólinedi. Olar aytılıw maqseti hám intonaciyasına qaray, ádettegi jay gápler sıyaqlı xabar, soraw, juwap, buyrıq hám úndew gáp funkciyaların atqaradı. Ishki semantikalıq belgisi boyınsha maqullaw, biykarlaw, soraw, emocional tańlaq, buyrıq, qarım-qatnas, vokativ sóz-gápler sıyaqlı túrlerge bólinedi.

**Maqullawshı sóz-gápler** tiykarǵı gápten ańlatılǵan pikirdi maqullaw, kelisim beriw yamasa juwap qaytarıw mánisinde qollanıladı. Maqullawshı sóz-gáplerdiń xızmetin, tiykarınan, awa, bar, álbette, durıs, tuwrı, júdá maqul t.b modal sózler atqaradı. Maqullawshı sóz-gápler tómendegi mánilerde keledi:

1)soraw-juwap túrindegi dialog gáplerde juwap mánisin bildiredi: -Oralskiyge kerek deyseń ya?! -Awa. Sonıń, mına Aybiykelerden eki-úsh jas úlken qızı bar. Sol gúrreni jaqsı kóredi eken. ("Terbenbes", 60-bet). Shama menen qanshaǵa berer eken? Neni? Gúrreni me?! -Awa. ("Terbenbes", 60-bet).
2)tiykarǵı gáptegi pikirge kelisim beriw mánisin ańlatadı: —Tuppa-tuwrı. Bizler ,shashtárezler, kommunizmge pát baslardı jibermeymiz. ("Suwıq tamshı", 414). -Ulıwma sawdager bolajaqsań, solay ma? Awa. Qánekey talabım júrisip, sizdey bolalsam! ("Terbenbes", 74-bet"). "Awa, awa! Haqılı emespen. Bosatqısı kelgen kúni ózleri bosatar. Maman nesine aralasadı. ("Maman biy ápsanası", 53-bet).—Meyli,—dedi ol soñında. ("Maman biy ápsanası", 213-b)
3)maqullawshı sóz-gáp jay maqullaw mánisin bildiredi. Bunday jaǵdayda sóz-gáp dáslepki pikirdi maqullaydı yamasa sóylewshi óz pikiriniń durıslıǵın ózi maqullaydı: -Aytıwıńa qaraǵanda, keme menen arǵı bası bes kún bolsa, qır menen teńizdi jaǵalap tartıp otırǵanda jeti-segiz kún ketedi-dá, solay ma?! -Duppa-durıs! ("Terbenbes", 286).

ISSN: 3060-4737 Volume 3, Issue 5 IF(Impact Factor) 10.98 / 2025

-Erteń kómekshilerdi xabarlandırıp, argı kúni atar tańga baslay qoyayıq. -Yaqshı. (“Terbenbes”, 15) -Ol durıs ǵoy aǵa. Mına oralskiylerden basqa, elde ishetuǵın da, alatuǵın da adam joq onı. -Aw-wa!-dep Lepes Kamaldıń gápin jónlep, oylanıp otırdı, sońınan: Mına ózimizdiń Sharawbay, Ementay, Iysay, olardan basqa usı qaraǵandaǵı tamır bop ketken birli-yarım oralskiyler bar. (“Terbenbes”, 20).

4)eske túsiriw mánisinde keledi: -Mına “Qabaqlı” dep kiyatırǵanımızdan keyin yadıma túsedi-aw. Lepes aǵa. -Awa. (“Terbenbes”, 99-bet). -Awa. Usı Qániyaz janım úylene almay júrgenge, “qısınǵanımnan qız bolıp”, “talday tayısıp” júrgenimde, ótken jılǵı seniń Nawrız toyınnan ákeldi ǵoy kelindi. (“Terbenbes”, 163-bet). -Sonda pútkil elge belgili Jazlıqbay batır ma? -Awa. (“Bozataw”, 78-bet).

**Biykarlawshı sóz-gápler** tiykarǵı gáp arqalı bildirilgen pikir hám sorawlarǵa biykarlaw yamasa kelisim bermew mánilerinde qatnas jasaydı. Biykarlawshı sóz-gáplerdiń xızmetinde joq, yaq, yaǵ-a, hesh, hesh te, heshqanday, hesh nárse, nadurıs, durıs emes t.b. biykarlaw mánisindegi sózler qollanıladı. Biykarlawshı sóz-gápler tiykarǵı gáptiń mazmunına qatnaslı hár túrli máni ottenkilerine iye boladı:

1)Soraw-juwap mánisindegi dialog gáplerdegi soraw gáplerge biykarlawshı juwap mánisin bildiredi: -Mennen qapa emesseń be? -Yaq. He, mal qosayın deppedińiz? – Yaǵaw! Jaqında mına qudadan tapqır Lepesten “Bizler de balalardıń tańlayına aq juwırtayıq” dep bir sawın soraǵ edim, meniń menen birge sorap barǵan, óziniń urıwlas aǵayinine berdi de, meni quwıp saldı. (“Terbenbes”, 247-bet).

2)Emocional-ekspressivlik máni ańlatadı: -Joq! Men bul qorlıqqa shıday almayman. -Yaq! – dedi Qániyaz erinlerin qımıp, aspandı qos ayaqlap tebe jaqtay, átkónshektiń tabaldırıǵın tabanlap iyterip. (“Terbenbes”, 124-bet).

3)Biykarlawshı sóz-gápler kúsheytiwshilik mánige iye boladı. Bunday jaǵdayda sóz-gáp xızmetindegi sóz qaytalanıp yaki qospalanıp qollanıladı: -Nóker jıynawǵa kómek eteseń be, joq pa? - Joq, joq, joq! -Yaq-yaq! – Qolın sermelekledi Bogonenko, qalǵan jaǵın aytqızbay tasladı. (“Terbenbes”, 74-bet”). —Joq, joq, joq! Birewdi dos qılıw ushın bir kálata túrkmen elin jaw qılmaymız!—Maman biy bunnan artıq sóylemedi. (“Maman biy ápsanası”, 438).

4)Pikirler arasındaǵı qarama-qarsılıqtı bildiredi: Basshı xalıqtıń bilgenin bilse jetkilikli, - dedi Dáwletov. -Durıs emes! - dep qarsılastı basqa dawıs. (Qayıpbergenov T).

Juwmaqlap aytqanda, maqullawshı hám biykarlawshı sóz-gápler sóylewdiń qısqa hám túsinikli bolıwın támiyinleydi. Olar sóylewshiniń múnásibetin artıqsha túsindiriwlersiz, anıq jetkizip beredi. Kórkem shıǵarmalarda bolsa personajlardıń emocionallıq halatın kórsetiwde eń áhmiyetli qurallardıń biri bolıp xızmet qıladı.

ISSN: 3060-4737 Volume 3, Issue 5 IF(Impact Factor) 10.98 / 2025

**PAYDALANÍLǴAN ÁDEBIYATLAR**


1. Abdurahmonov Ǵ. Ózbek tili grammatikasi (sintaksis). -Toshkent. Óqituvchi. 1996.
2. Dáwletov A, Dáwletov M, Qudaybergenov M. Házirgi qaraqalpaq ádebiy tili. Sintaksis. Nókis, Bilim. 2009.
3. Házirgi qaraqalpaq ádebiy tiliniń grammatikası. Sintaksis. Nókis, Bilim. 1992.
4. Qayıpbergenov T. "Qaraqalpaq dástanı" I tom: "Maman biy ápsanası". Nókis, "Qaraqalpaqstan", 1979.
5. Lutfullaeva D. Tasdiq gaplarda inkor va shakliy - mazmuniy nomuvofiqlik. Filol.fan.nomz.diss. -Toshkent.1997. 34 b.
6. Mámbetov K. "Bozataw". Nókis, "Qaraqalpaqstan", 2023.
7. Mátmuratov Q. "Terbenbes". Nókis, "Qaraqalpaqstan", 2024.
8. Mengliyev B.R. Hozirgi ózbek tili. Morfemika. Derivaciya. Morfologiya. II qism. Qarshi, 2005.
9. Nurmonov A., Shohobiddinova Sh., Iskandarova Sh. Va boshqalar. Ózbek tilining nazariy grammatikasi. Morfologiya. -T. Yangi asr avlodi. 2001.
10. Zamonaviy ózbek tili. Mualliflar jamoasi. T. Mumtoz sóz, 2008.